STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 9 avril 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE MOUN KI MANM KOMISYON JENÈS, SEKIRITE PIBLIK AK JISTIS LA

Komisyon an pral Fè Rekòmandasyon pou Modènize Lwa Eta New York, Pwoteje Lajenès epi Garanti Sekirite Piblik

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a manm Komisyon Jenès, Sekirite Piblik ak Jistis yo ki pral fè rekòmandasyon pratik ak konkrè ki gen pou wè ak jèn nan sistèm jistis kriminèl ak jivenil nan fen ane sivil sa. Nan diskou sou Eta Eta 2014 li a, Gouvènè a te pwopoze kreyasyon komisyon an pou te ka "monte laj la" epi ede garanti jenn moun vin granmoun pwodiktif ak akonpli.

"Li lè pou nou amelyore lwa jistis jivenil twò ansyen New York yo epi monte laj pou timoun nou yo ka jije epi kondane kòm granmoun," te deklare Gouvènè Cuomo. "New York se youn nan de eta ki kondane timoun 16 ak 17 lane kòm granmoun. Se pa yon bon bagay epi sa pa jis. Mwen kontan akeyi manm esepsyonèl komisyon Jenès, Sekirite Piblik ak Jistis la ki pral travay pou sistèm nan vin pi jis ak plis sekirite pou jèn ak kominote nou yo."

New York rete youn pami de sel eta nan peyi a kote laj responsablite kriminèl la – laj kote yo trete jèn moun tankou granmoun-- se sèlman 16 lane. Kidonk nan lane 2013, prèske 33.000 timoun ki gen laj 16 ak 17 lane nan New York te gen dosye yo trete tribinal kriminèl granmoun, kote yo gen mwens chans pou yo resevwa sèvis yo bezwen.

Manm komisyon yo se:

- **Juan Cartagena, Latino Justice PRLDEF, Prezidan ak Direktè Jiridik**: Mesye Cartagena se Prezidan ak Direktè Jiridik Latino Justice PRLDEF. Li se yon avoka dwa konstitisyonèl ak sivil ki gen pil ak pakèt esperyans nan plede afè onon kominote Latino ak Ameriken Nwa nan domèn dwa vòt, diskriminasyon nan travay, dwa pou pale yon lang, edikasyon piblik pou timoun nan minorite pòv ak lang, ak lojman. Anvan sa lit e travay kòm Direktè Jiridik ak Vis Prezidan pou Defans nan Community Service Society of New York.

• **Joel Copperman, CASES, Prezidan Direktè Jeneral**: Joel Copperman te rantre nan CASES nan lane 1990 kòm premye Direktè Egzekitif òganizasyon an. Anvan li te rantre nan CASES, Mesye Copperman te okipe plizyè pozisyon nan Gouvènman New York City pandan administrasyon Ed Koch la. Pou kounye a, Mesye Copperman se Prezidan Konsèy Direksyon Konsèy Sèvis Imen an; Prezidan Konsèy Direksyon Youth Represent; epi yon manm New York City Discharge Planning Collaboration.

• **Jeremy Creelan, Jenner & Block, Asosye (Ko-Prezidan)**: Pou kounye a, Mesye Creelan se yon Asosye nan Jenner & Block nan Sèvis Kontansye antrepriz la epi yon manm Complex Commercial Litigation and Government Controversies and Public Policy Litigation Practices; li te travay anvan sa kòm Direktè Annapre Pwogram Demokrasi nan Brennan Center for Justice nan Lekòl Dwa New York University epi kòm Konseye Espesyal Gouvènè Cuomo. Travay li te konsantre sou lwa elektoral, kokenn refòm etik, amelyorasyon pwoteksyon piblik atravè refòm DNA ak rekonstriksyon enfrastrikti kominotè apre katastwòf natirèl.

• **Janet DiFiore, Westchester County District Attorney**: Pwokirè Distri a, DiFiore te eli nan ane 2005, epi li te eli ankò nan ane 2009. Li se chèf ministè piblik Konte Westchester, New York. Li te travay anvan sa kòm Pwokirè Adjwen Konte Westchester pandan plis pase 10 lane, epi kòm Chès Nakotik pandan dènye kat lane edmi ane sa yo. Pwokirè DiFiore te eli Jij Tribinal Konte Westchester nan lane 1998 epi Jij Tribinal Siprèm Eta New York nan lane 2002. Li te tande plizyè santèn afè nan tribinal Konte Westchester, Tribinal Fanmi ak Tribinal Siprèm Eta New York. Nan lane 2003, Jij-Prezidan Judith Kay te nonmen Pwokirè DiFiore Jij Sipèvizè pou Tribinal Kriminèl yo ki nan 9yèm Distri Jidisyè a.

• **Soffiyah Elijah, Correctional Association of New York, Direktè Egzekitif (Ko-Prezidan)**: Madan Elijah se Direktè Egzekitif Correctional Association of New York. Militan akonpli, avoka, entelektyèl ak edikatè, Madan Elijah se premye fanm ak premye moun nwa ki dirije òganizasyon 170 lane a nan misyon li pou kreye yon sistèm jistis kriminèl pi jis, pi efikas ak pi anfavè moun. Anvan li rantre nan Correctional Association an nan mwa mas 2011, Madan Elijah te travay kòm Direktè Annapre epi kòm enstriktè klinik nan Criminal Justice Institute nan Lekòl Dwa Harvard. Anvan sa li te pratike dwa kriminèl ak fanmi nan New York City pandan plis pase 20 lane epi li te yon manm fakilte a epi Direktè ak avoka alatèt Defender Clinic nan Lekòl Dwa University of New York.

• **Elizabeth Glazer, Direktè, Biwo Jistis Kriminèl Majistra NYC:** Fenk nonmen kòm Direktè Biwo Jistis Kriminèl Majistra de Blasio, Madan Glazer te travay anvan sa kòm Sekretè Annapre pou Sekirite Piblik jiska mwa jen 2013. Madan Glazer travay tou kòm Prezidan New York State Juvenile Justice Advisory Group epi te okipe yon pakèt pozisyon senyò nan nivo federal ak lokal, kote li egzekite kontwòl sou krim ak estrateji prevansyon.

• **Michael Hardy, National Action Network, Vis Prezidan Egzekitif & Direktè Jiridik**: Mesye Hardy se youn nan Fondatè National Action Network epi li angaje nan politik Mouvman ak batay la pou yon pi bèl inyon depi lane 1981. Li se yon avoka pratikan depi lane 1988 epi li te okipe ofisyèlman pozisyon Direktè Jiridik nan National Action Network nan lane 2008.

• **Melanie Hartzog, Children's Defense Fund-New York, Direktè Egzekitif:** Anvan li te pran wòl dirijan nan Children's Defense Fund, Madan Hartzog te travay kòm Kowòdinatè Sèvis Fanmi nan Biwo New York City Majistra Annapre a pou Sèvis Sante ak Imen epi li te tou Direktè Pwojè pou Young Men's Initiative. Anvan li te rantre nan biwo Majistra a, li te travay kòm Delege Annapre pou sèvis timoun piti nan Administrasyon New York City a pou Sèvis Timoun, li te dirije yon inite sèvis sosyal nan Biwo Jesyon ak Bidjè Majistra a, epi li te Direktè Politik ak Defans pou Human Services Council of New York City, Inc.

• **Emily Tow Jackson, The Tow Foundation, Direktè Egzekitif**: Filantropis Emily Tow Jackson se Direktè Egzekitif fondasyon fanmi li a. Anba otorite li, The Tow Foundation te vin pi angaje nan rezoud pwoblèm sosyal epi byen vit te vin yon prensipal militan pou refòm sistèm jistis jivenil Connecticut la ki nan move eta. Bourad lajan ak travay militans fondasyon an te ede nan kokenn diminisyon ki genyen nan kantite moun nan prizon Connecticut ki te fè wout pou yon chanjman lejislatif enpòtan ki te retire timoun sèz ak disèt lane nan sistèm jistis kriminèl granmoun nan pou remete yo nan sistèm jistis jivenil la.

• **Onorab Barry Kamins, New York State Unified Court System, Chèf Politik ak Planifikasyon**: Onorab Barry Kamins se Chèf Politik ak Planifikasyon pou New York Unified Court System. Li te nonmen nan fen lane 2013 epi, nan pozisyon sa, li responsab travay ak jij atravè eta a pou etidye ak devlope politik ak estrateji ki pou amelyore distribisyon lajistis nan New York. Anplis, Jij Kamins sipèvize Tribinal Kriminèl New York City.

• **Steven Krokoff, Chèf Polis Albany**: Chèf Krokoff te nonmen Chèf Polis nan lane 2010 epi li te pran grad depi lè li te rantre nan Depatman Polis Albany a nan lane 1993. Antanke ki dirijan youn nan pi gwo depatman polis nan New York, Chèf Krokoff gen yon apwòch pwogresis nan aplikasyon lalwa. Anba otorite li, Depatman Polis Albany an kontinye ap jete baryè sosyal depi dikdantan yo grasa yon devouman konplè nan yon modèl kominotè.

• **Joseph Mancini, Konte Schenectady, Direktè Pwobasyon**: Mesye Mancini travay pou Konte Schenectady nan Depatman Pwobasyon pandan plis pase 20 lane. Antanke Direktè, Mesye Mancini responsab operasyon, politik ak pwosedi jeneral yo, bi ak objektif Depatman Pwobasyon an. Li dirije epi konseye alafwa pèsonèl Probasyon ak DSS nan akonplisman travay ak responsablite yo nan sèvis piblik ak misyon ajans lan. Li te jwe yon gwo wòl tou nan kreyasyon Schenectady County Center for Juvenile Justice epi li se administratè alatèt li depi lè li te kreye nan lane 2003.

• **Anthony Picente, Egzekitif Konte Oneida**: Lejislatè Konsèy Konte Oneida te nonmen nan yon sèl vwa Mesye Picente, Jr., 10yèm Egzekitif Konte Oneida a, nan lane 2006. Nan lotòn 2007, Egzekitif Picente pou konte a te genyen eleksyon pou yon syèj kat lane konplè. Anvan sa li te travay kòm Asistan Egzekitif ansyen Egzekitif Konte Oneida, Asistan Delege Travay pou Eta New York, ak Administratè Rejyonal pou Depatman Travay.

• **Allen Riley, Sheriff Konte Madison**: Sheriff Allen Riley abite Konte Madison pandan tout vi li. Li gen 28 lane esperyans nan lapolis epi te vinn Sheriff apre li fin fè yon karyè nan Lapolis Eta New York.

• **Elaine Spaull, Center for Youth, Direktè Egzekitif, epi Manm Konsèy Minisipal Rochester:** Madan Spaull travay kòm Vis Prezidan Asosye nan Rochester Institute of Technology, te pratike dwa antrepriz ak fiskal nan Nixon Peabody, pwofesè nan Lekòl Dwa SUNY Buffalo ak RIT, epi pou kounye a se Direktè Egzekitif nan The Center for Youth. Nan pozisyon sa, li responsab administrasyon òganizasyon pou jèn moun yon gwoup tinedjè te kreye gen 30 lane pase. Li travay tou kòm manm nan Konsèy Minisipal Rochester.

• **Cyrus Vance, Pwokirè Manhattan**: Mesye Vance te vinn Pwokirè Konte New York nan dat premye janvye 2010. Li se yon lidè rekoni nan refòm jistis kriminèl epi te pwopoze yon bèl vizyon pou fè vanse Biwo Pwokirè Manhattan lan, ak yon atansyon espesyal pou prevansyon krim. Nan mwa jiyè 2011, Mesye Vance te eli pa kòlèg Mesye Vance yo te eli li Prezidan Asosyasyon Distri Attorney Eta New York pou manda 2012 la. Mesye Vance travay tou kòm ko prezidan Komisyon Pèmanan Eta New York sou Kondanasyon yo.

Vera Institute of Justice pral ofri asistans teknik ak analiz apwofondi pou sipòte devlopman rekòmandasyon komisyon an.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418